



Egzansyon pou Andikap: Fòm N-648

- Kisa Fòm N-648 lan fè?
 - **Si USCIS aksepte li**, ou pa oblije pran egzamen angle ak/oswa sivik nan entèvyou natiralizasyon an (sa depann de sa doktè a ranpli sou fòm lan).
 - Wap toujou gen pouw ale nan entèvyou natiralizasyon ou yo nan USCIS.
- Kisa ki nesesè pou Fòm N-648?
 - Ou dwe te **dyagnostike ak yon kondisyon medikal** ki fè li enposib pou aprann oswa demontre konpreyansyon nan angle ak/oswa sivik.
- Ki moun ki ka ranpli Fòm N-648?
 - USCIS mande pou yon pwofesyonèl medikal sètifye ki te egzamine ou ranpli fòm nan. USCIS define yon pwofesyonèl medikal sètifye kòm yon doktè medikal ki gen lisans konplè (MD), sikològ klinik, oswa doktè osteopati ki gen lisans (DO).
 - Yon enfimye pratikan (NP), rezidan medikal, ak asistan doktè (PA) **pa ka** siyen fòm nan.
- Kiyès kap siyen Fòm N-648?
 - Pwofesyonèl medikal sètifye a, nenpòt entèprèt an pèsòn, epi ou menm dwe siyen li.
- Founisè swen prensipal mwen an pa yon “pwofesyonèl medikal sètifye.” Kisa mwen dwe fè?
 - Enfimye pratikan (NP), rezidan medikal, ak asistan doktè (PA) pa ka siyen fòm nan. Pran yon randevou ak doktè ki se sipèvizè founisè w la pou rankontre ou an pèsòn epi siyen fòm lan.
- Founisè mwen an pap ranpli oswa siyen Fòm N-648 lan. Kisa mwen ka fè?
 - Chèche yon lòt doktè, eseye etidye pou tès angle ak sivik yo, oswa tann jiskaske ou satisfè yon egzansyon ki baze sou laj pou aplike.
- Ki kote mwen ka jwenn fòm nan? Eske gen enstriksyon?
 - USCIS bay fòm nan ak enstriksyon sou entènèt isit la: <https://www.uscis.gov/n-648>
 - Project Citizenship ka voye pa lapòs yon fòm vid ak enstriksyon senplifye lakay ou pou pwofesyonèl medikal pouw ka pote nan pwochen randevou doktè ou.
- Eske yon fòm N-648 dire pou tout tan?
 - **Non.** USCIS sèlman aksèpte fòm yo soumèt ak yon aplikasyon pou sitwayènte pandan 6 mwa apre dat siyati pwofesyonèl medikal sètifye a.
- Kisa ki yon dispans sèman oswa yon ka lwa piblik?
 - Si andikap yon aplikan anpeche yo konprann/kominike konpreyansyon yo genyen sou Sèman Fidelite a (ki ekri sou Fòm N-400, paj 20) **nan lang natif natal yo**, USCIS ap mande gadyen legal yo oswa yon manm fanmi imedyà ki sitwayen ameriken pou ale nan entèvyou natiralizasyon (yo) epi reponn kesyon sou non aplikan an.

